

KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- REVIZYON PWOTOKÒL COVID-19 YO
- PERYÒD APLIKASYON MAGNET
- TPA ANDIRÈK

OKTÒB 2021

Biltèn 14 | NIMEWO 79 |

M-DCPS REVIZE PWOTOKÒL COVID-19 YO



“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) kontinye ap kontwòl kondisyon lokal COVID-19 yo lè y ap konsidere modifikasyon nan pwotokòl sante ak sekirite ki deja egziste yo. Desizyon sa yo baze sou dènye done ki soti nan “Centers for Disease Control and Prevention (CDC)” (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi), “Florida Department of Health (FLDOH)” (Depatman Sante Florid), Miami-Dade County, ak konsèy ki soti nan men Komite Pwovizwa Sante Piblik la ak Gwoup Travay Ekspè Medikal yo.

Daprè tandans done aktyèl yo, pwotokòl nou yo efikas nan ede diminye pwopagasyon COVID-19

la. Pi bon prèv efikasite pwotokòl nou an se diminisyon nan kantite ka elèv ki pozitif nan lekòl nou yo, ki toujou kontinye ap desann apre li te monte byen wo apre konje Jounen Travay la. Kòm kondisyon kominote a amelyore anpil, peryòd karantèn pou elèv nan lekòl mwayen ki pa vaksinen nan yo te kòmanse redwi apati lendi 11 oktòb 2021 pou mete yo sou menm liy ak pwotokòl aktyèl la pou adilt ki pa vaksinen ak elèv lekòl segondè yo.

Elèv ki pa vaksinen nan elèv lekòl mwayen yo ka retounen lekòl apre 10 jou depi yo te ekspozè san yo pa fè tès COVID-19 la, oswa yo vini avèk yon tès PCR negatif yo te fè nan jou oswa sou senkyèm jou depi yo te ekspozè a depi yo rete san sentòm.

M-DCPS ap kontinye suiv lasyans, konsilte avèk ekspè medikal nou yo, epi revize pwotokòl nou yo chak semèn pou idantifye opòtinite pou plis detant, tankou fè ajisteman nan pwotokòl mask yo nan etablisman nou yo.

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

29 oktòb

Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon

11 novanm

‘Veteran’s Day’



“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) ap kòmanse aksepte aplikasyon kounye a pou pwogram Magnet pou ane lekòl 2022-2023 a vandredi 1ye oktòb. Nou ap kontinye aksepte aplikasyon jiska 15 janvyè 2022.

Nou ofri plis pase 370 pwogram Magnet pou tout nivo klas yo ki gen ladan kou espesyalize avèk konsantrasyon sou enterè espesyal elèv yo, talan ak abilitè yo.

Atravè pwogram Magnet M-DCPS yo, nou prepare elèv yo pou devlope ak briye nan edikasyon apre lekòl segondè ak nan espas travay yo. Pami pwogram ki disponib yo genyen Eksplorasyon Lepas ak Lanmè, ‘Cybersecurity’ (Sekirite sou Entènèt), Envestisman (n ap sèvi avèk tèminal echanj aksyon ‘Bloomberg’ la), Entelijans Atifisyèl nan Wobotik, Konsepsyon Jwèt ak

Animasyon, Medsin, Pwofesyon Enfimyè, Ar Vizyèl ak Pèfòmans, ak Etid Entènasyonal, pou site kèk nan pwogram yo sèlman!

Ou kapab antre nan sistèm aplikasyon pwogram Magnet la nan miamimagnets.org e li ap disponib nan plizyè lang.

Suiv Magnet sou Twitter nan [@miamimagnets](https://twitter.com/miamimagnets) pou dènye enfòmasyon ki gen rapò ak magnet. Pou plis enfòmasyon, tanpri rele 305-995-1922 pou pale ak youn nan anplwaye pwogram Magnet la.

ANN PWOMOTE RESPONSABLITE SOSYAL AK SITWAYENTE DIJITAL



‘Values Matter Miami’ se yon inisyativ edikasyonèl Lekòl Leta Miami-Dade County (M-DCPS) ki baze sou valè. Li pwomote e li rekonèt bonjan konpòtman ki sou menm liy avèk nèt valè debaz Distri yo: Onètete, Entegrite, Kowoperasyon, Jantiyès, Rechèch Ekselans, Jistis, Sitwayènte, Responsablite, ak Respè. Pandan mwa oktòb la, ‘Values Matter Miami’ pral konsantre sou Responsablite.

Nan mwa oktòb sa a, “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) ap selebre Mwa Sitwayènte Dijital

e l ap pwomote sitwayènte dijital ak matirite sou medya sosyal pou elèv, anplwaye, ak kominote a. Nan lekòl nou yo, nou kontinye anseye elèv yo konsènan fason apwopriye pou yo itilize medya sosyal e kijan yo kapab konprann tout bon enplikasyon pozitif e negatif ki mache avèk zouti sa yo. Lè nou konsidere dènye defi TikTok ki ankouraje elèv pou yo domaje pwopriyete lekòl e atake anplwaye, nou mande fanmi yo kolabore avèk nou nan mete aksan sou fason pou n aji avèk matirite sou medya sosyal, kenbe elèv yo an sekirite lè yo sou entènèt, e fè diferans ant sa ki reyèl ak sa ki souvan parèt reyèl men se pa vre.

Kòm sitwayen dijital, nou ankouraje elèv nou yo pran konsyans de imaj yo – sa vle di, pou yo konnen kèlkeswa foto ak videyo yo poste, li kite yon mak. Entèraksyon nou fè sou entènèt

kite yon tras pou toutan, donk li enpòtan pou raple elèv yo moun k ap fè rekritman pou kolèj, fiti anplwaye yo, ak paran yo ka tcheke prezans yo sou medya sosyal. Kèlkeswa sa yo poste sou entènèt la yo pa ka siprime l, menm si yo efase li.

Kòm paran yo jwe yon wòl enpòtan nan edikasyon pitit yo, yo dwe gen zouti ak resous ki apwopriye pou navige avèk efikasite atravè medya sosyal ak evolisyon ki kontinye ap fèt ladan. Nou ankouraje paran yo tou pou yo pale avèk pitit yo konsènan sitwayènte dijital. Akademi Paran prepare divès seminè ki konsantre sou konsepsyon debaz nan sekirite sou entènèt. Pou enfòmasyon sou atelye sou entènèt sa yo, tanpri vizite <https://parentacademymiami.com/>.



“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) chwazi mwa oktòb kòm Mwa Kolèj. Se “College Assistance Program (CAP)” (Pwogram Asistans pou Kolèj) ki kreye nouvo inisyativ sa a pou ofri sipò ak konsèy pou elèv ak fanmi yo, pandan y ap navige nan pwosesis aplikasyon ak èd finansye pou kolèj. Yo devlope yon seri atelye sou entènèt ansanm ak fwa pandan yon mwa pou fanmi. Tout evènman sa yo anrejistre. Elèv yo ka mande konseye CAP yo kijan pou yo jwenn sesyon yo pou yo gade. Anba a n ap jwenn yon lis kèk konsèy pratik konsènan planifikasyon pou kolèj.

Redui lis kolèj ou

Fè pitit ou rankontre yon konseye konsènan chwa kolèj yo, planifye yon vizit nan kolèj yo chwazi a, e telechaje aplikasyon ak fòm pou èd finansye yo.

Sonje dat limit yo

Kreye yon lis prensipal oubyen yon kalandriye ki gen ladan: egzamen admisyon nan kolèj, frè yo mande, dat, ak delè pou enskri; delè aplikasyon pou kolèj, fòm aplikasyon obligatwa pou èd finansye ak delè yo; lòt

materyèl w ap bezwen tankou lèt rekòmandasyon, relve nòt.

Aplike pou FAFSA Jodi a

Peryòd aplikasyon “Free Application for Federal Student Aid (FAFSA)” (Aplikasyon Gratis pou Èd Federal Elèv) 2022-2023 la ap kontinye pou jiska 30 jen 2022. Pwosesis aplikasyon FAFSA a gratis e li ofri aplikan yo aksè ak sous pou èd finansye. Nou ankouraje fanmi yo aplike bonè piske kèk kolèj bay èd yo sou baz sa ki vini avan an resevwa sèvis avan. Lè fanmi yo ap ranpli pou FAFSA, yo dwe bay enfòmasyon sou taks pèsonèl yo. Fanmi ka ranpli aplikasyon FAFSA a sou entènèt nan www.fafsa.gov.

Mande yon dispans pou frè admisyon

Mande konseye elèv ou a pou ede w mande yon dispans pou frè admisyon pou ede w avèk aplikasyon kolèj oubyen frè egzamen pou antre nan kolèj.

Pran Egzamen pou Antre nan Kolèj

Pitit ou a ta dwe pran SAT oubyen ACT a. Sonje pou w fè voye nòt yo nan kolèj y ap aplike ladan an.

Chèche Lèt Rekòmandasyon

Fè pitit ou mande yon pwofesè oubyen yon konseye lèt rekòmandasyon. Pitit ou a dwe bay pwofesè oubyen konseye a yon rezime dosye akademik li ansanm ak aktivite li fè andeyò salklas. Pou chak rekòmandasyon, bay yon anvlòp ak tout tenm, e ki tou gen adrès sou li.

PWOCHEN SEMINÈ SOU ENTÈNÈT KONSÈNAN APLIKASYON NAN KOLÈJ #COLLEGEMONTHMDCPS

Peye pou Kolèj: Konprann Bousdetid ak “Merit Aid” (Èd ki baze sou Merit)

19 oktòb 2021
6:00 diswa – 7:00 diswa
<https://bit.ly/3lcPITt>

Tranzisyon nan Kolèj pou Elèv ki Gen Andikap

21 oktòb 2021
6:00 diswa – 7:00 diswa
<https://bit.ly/3abHBe1>

Fwa Kolèj NACAC sou Entènèt

24 oktòb 2021
1:00 nan aprèmidi – 6:00 diswa
<https://bit.ly/3Fu7QuB>

Fwa konsènan “Historically Black College and Universities (HBCU)” (Kolèj ak Inivèsite ki Istorikman Sèvi Etidyan Koulè Nwa)

26 oktòb 2021
6:00 diswa – 8:00 diswa
<https://bit.ly/3AeWirw>

Planifikasyon pou Edikasyon Apre Lekòl Segondè pou Etidyan Premye Sik

28 oktòb 2021
6:00 diswa – 7:00 diswa
<https://bit.ly/3leZxLq>

“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) fè patenarya avèk Jackson Health Systems (JHS) (Sistèm Sante Jackson) pou bay paran enfòmasyon sou enpòtans edikasyon kalite siperyè kòmanse depi timoun yo tou piti, e pou mete aksan sou pwogram ki disponib nan kominote a.

Youn nan rezilta nan patenarya sa a, sèk M-DCPS ap bay yon kit ki gen ladan yon bavèt ‘Future M-DCPS Grad’, dezenfektan pou men ak enfòmasyon sou plizyè pwogram aprantisaj enteresan pou nouvo fanmi k ap akouche nan ‘JHS’ – premye sistèm swen sante nan Sid Florid la ki fèt Espesyalman pou Tibebe. Sistèm Sante Jackson nan gen ladan kat (4) lopital pou akouchman tibebe: Lopital pou fi nan Jackson Memorial, Sant Medikal Jackson nan Nò, Sant Medikal Jackson nan Sid ak Lopital José Milton nan Sant Medikal Jackson nan Lwès.

Pwogram aprantisaj pou timoun anbazaj yo konsantre sou devlopman sosyo-emosyonèl, langaj, ak devlopman sèvo e yo prepare jèn timoun yo pou lekòl. Gen rechèch ki demontre gwo enpòtans ki genyen nan devlopman sèvo timoun nan senk premye ane nan lavi yo. Eksperyans ak entèraksyon timoun yo fè nan ane sa yo ede yo etabli yon fondasyon pou aprantisaj alavni.

Ki sa M-DCPS ofri nan chak etap laj yo?

- **Nan Laj 0-2 ane ‘Early Head Start’ (Lekòl pou Timoun Anbazaj):** M-DCPS ofri pwogram sa a gratis pou tibebe ak timoun piti depi nesans jiska 2 ane pou fanmi, ki baze sou revni yo nan kèk lekòl nou chwazi atravè Miami-Dade County atravè pwogram ‘Early Head Start’ (Lekòl pou Timoun Anbazaj) ki resevwa finansman nan men “Miami Dade County Community Action & Human Services Department

(CAHSD) Head Start/Early Head Start” (Aksyon Kominotè & Depatman Sèvis Imèn Lekòl pou Timoun Anbazaj nan Miami-Dade County). Fanmi yo ka aplike sou entènèt nan headstart.dadeschools.net oubyen an pèsòn nan youn nan lekòl ki ofri pwogram nan. Nou ap aksepte aplikasyon pandan tout ane a.

- **Nan Laj 3 ane: ‘Head Start’:** Pwogram ‘Head Start’ M-DCPS la, ki resevwa finansman nan men ‘CAHSD Head Start/Early Head Start’, ofri sèvis edikasyon sante, sèvis alimantè, ak angajman fanmi pou timoun kòmanse laj 3 ane pandan yon jounen lekòl konplè. Fanmi ki elijib sou baz revni yo ka enskri sou entènèt nan headstart.dadeschools.net oubyen an pèsòn nan youn nan lekòl ki ofri pwogram sa a. Nou ap aksepte aplikasyon pandan tout ane a.
- **Nan Laj 3 ane: Pwogram ‘Inclusion/Reverse Mainstream’:** “The Department of Early Childhood Programs” (Depatman Edikasyon Timoun Anbazaj) ofri plasman pou timoun laj 3 ane nan pwogram “Pre-K special education reverse mainstream” (Kite klas matènèl espesyal e antre nan klas regilye) atravè distri a. Pwogram sa a ofri yon jounen opòtinite konplè, gratis pou elèv ki kalifye pou sèvi kòm modèl pou lòt elèv yo.
- **Nan Laj 4 ane: Pwogram Klas Matènèl Volontè:** Pwogram “Voluntary Pre-Kindergarten Program (VPK)” (Klas Matènèl Volontè) se yon pwogram edikasyonèl gratis nou kreye pou prepare timoun 4 ak 5 ane pou lekòl matènèl e pou bati fondasyon pou siksè akademik yo. Nou ofri pwogram ‘VPK’ M-DCPS yo nan plis pase 200 lekòl leta atravè Miami-Dade County.

Deziyasyon “Baby-Friendly” (sistèm swen sante ki fèt Espesyalman pou Tibebe) se yon estanda swen moun dezire anpil ki jwenn sipò “World Health Organization” (Òganizasyon Mondyal Lasante) ak “United Nations Children’s Fund (UNICEF)” (Fon Nasyonziini pou Timoun). Pwogram nan rekonèt enstalasyon swen sante ki bay manman yo enfòmasyon, konfyans nan tèt yo ak ladrès pou yo kòmanse epi kontinye bay tete avèk siksè oswa bay tibebe yo manje san danje. Li ankouraje nouvo manman ak tibebe yo tou pou yo rete ansanm nan menm chanm depi yo fèt epi ankouraje kontak kò-a-kò otank posib.

Sant Swen Ijans ‘UHealth Jackson’ yo se premye sant nan eta Florid pou resevwa deziyasyon “Autism Friendly” (Sistèm swen sante ki fèt espesyalman pou moun ki gen Otis) nan men Sant pou Otis & Andikap ki Asosye avèk li yo (UM-NSU CARD) nan Inivèsite Miami-Inivèsite Nova Southeastern. Deziyasyon sa a vle di anplwaye yo – nan tout senk andwa yo resevwa fòmasyon espesyal e tout sant yo gen yon chanm egzamen ki rezève espesyalman pou egzamen sans yo pou bay tout pasyan opòtinite pou yo benefisye de swen sante nan yon anviwònman ki konfòtab e an sekirite.

Pou plis enfòmasyon, vizite sit entènèt “Department of Early Childhood Programs” (Depatman Pwogram Edikasyon Timoun Anbazaj) nan <https://earlychildhood.dadeschools.net> oubyen rele nan 305-995-7632. Nan atachman an w ap jwenn yon feyè ki gen pwogram ki disponib dapre laj timoun yo.

Pou plis enfòmasyon sou sèvis yo ofri nan depatman matènite Sistèm Sante Jackson nan vizite JacksonMaternity.org.



“The Parent Academy (TPA)” (Akademi Paran an) se yon inisyativ angajman ki gratis pou paran e ki ede yo vin patnè total nan edikasyon pitit yo. Akademi Paran an te kòmanse ann out 2005 e li se youn nan pi gwo sous enfòmasyon ak bonjan resous pou fanmi nan Lekòl Leta Miami-Dade County. Misyon li se motive paran e ankouraje yo pou yo vin patnè aktif nan sipòte edikasyon pitit yo. Kat objektif prensipal depatman an se edike, angaje, responsabilize, e ankouraje fanmi pou yo ka atenn potansyèl yo totalman.

Akademi Paran an lanse TPA ANDIRÈK “(Learning In Virtual Environments)” (Aprantisaj nan Anviwònman Vityèl) pandan ane

lekòl sa a, ki se yon seri atelye pratik sou entènèt nan twa lang (Anglè, Espayòl, ak Kreyòl). Objektif TPA ANDIRÈK se sipòte pratik angajman famiyal nan ofri fanmi yo lòt opòtinite pou ranfòse kapasite yo pou sipòte akonplisman ak siksè pitit yo lè yo konekte fanmi yo avèk resous ki disponib nan Distri a ak kominote a.

Yo ofri atelye sou entènèt chak semèn sou sijè ki gen enpòtan tankou Pòtal Paran, aprantisaj sosyal e emosyonèl, èd pou devwa, sekirite sou entènèt, lekòl magnet, aji avèk atansyon, konpòtman difisil, ede pitit ou konsantre, elèv ki gen kapasite eksepsyonèl, elèv ki gen estrès lè yo pral pran egzamen, adolesans ak plis toujou. Sesyon madi yo fèt ann Anglè, mèkredi an Kreyòl, e jedi an Espayòl. Fanmi yo ka aprann plis e yo ka enskri pou semèn sou entènèt sa yo lè yo vizite ParentAcademyMiami.com. Gen resous ak semèn sou entènèt tou anrejistre ki disponib tou sou sit entènèt Akademi Paran an.

TI KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN

Pratike Sekirite sou Entènèt

<https://bit.ly/3oKr8WJ>

REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

20 oktòb

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

16 novanm

10:00 dimaten
Reyinyon Òganizasyonèl

17 novanm

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSup




@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools



www.dadeschools.net

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann	Mari Tere Rojas
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann	Luisa Santos
Lucia Baez-Geller	Alberto M. Carvalho
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall	Sipèntandan Lekòl yo
Christi Fraga	Cori'Anna White
Doktè Lubby Navarro	Konsèye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la
Doktè Marta Pérez	

Pwodiksyon Biwo Kominikasyon ak Angajman Kominotè
anba direksyon Daisy Gonzalez-Diego